

5YÈM ANE

NIVO ELEMANTÈ

EGZAMEN SYANS SOSYAL

DEZYÈM LIV

KESYON KI BAZE SOU DOKIMAN (DBQ)

17 NOVANM 2009

Non elèv la _____

Non lekòl la _____

Ekri non w ak non lekòl la ak lèt enprime sou liy ki anwo yo.

Egzamen an gen twa pati. Jodi a w ap pran Pati III egzamen an.

Pati III a baze sou plizyè dokiman.

Pati III A a gen dokiman yo. Chak dokiman gen youn oubyen plis kesyon ki vin apre li. Ekri repons ou pou chak kesyon nan tiliv egzamen sa a nan espas yo ba w la. W ap sèvi ak repons ou bay pou kesyon yo pou ede w ekri redaksyon an.

Pati III B a gen yon kesyon redaksyon ki baze sou dokiman yo. Ekri repons ou pou kesyon sa a nan tiliv repons redaksyon apa, kòmanse nan premye paj tiliv la.

W ap gen inèdtan edmi pou w reponn kesyon ki nan Tiliv 2 a epi ekri redaksyon an.

PINGA OU VIRE PAJ SA A TOUTOTAN YO POKO DI W FÈ SA.

Pati III

KESYON KI BAZE SOU YON SERI DOKIMAN

Eksplikasyon: Sa w gen pou fè anba a baze sou dokiman 1 jiska 7. Dokiman sa a fèt pou teste kapasite w pou travay ak dokiman istorik. Gade chak dokiman epi reponn kesyon an oubyen kesyon yo aprè chak dokiman. Sèvi ak repons ou bay pou kesyon yo pou ede w ekri redaksyon an.

Kontèks Istorik:

Atravè istwa Etazini, drapo Ameriken an te toujou reprezante yon senbòl enpòtan pou libète ak demokrasi pou sitwayen l yo.

Sa w gen pou fè:

Pou Pati A a, li **chak** dokiman ak anpil atansyon epi reponn kesyon an oubyen kesyon yo apre chak dokiman. Apre li eksplikasyon yo pou Pati B a epi ekri redaksyon ou an.

Pou Pati B a, sèvi ak repons ou yo nan Pati A a, ak enfòmasyon nan dokiman yo, epi ak konesans ou nan syans sosyal pou ekri yon redaksyon byen òganize nan pwòp mo pa ou. Nan redaksyon ou an, ou dwe

- Ekri konsènan istwa drapo Etazini an ak enpòtans li kòm yon senbòl Etazini

Pati A

Kesyon ak Repons Kout

Eksplikasyon: Li chak dokiman epi reponn kesyon an oswa kesyon yo ki swiv chak dokiman nan espas yo ba ou a.

Dokiman 1

1777



1959



Sous: Patricia Ryon Quiri, *The American Flag*, Children's Press, 1998 (adapte)

Jou fèt Drapo a

Nan dat 14 jen 1777, Dezyèm Kongrè Kontinantal la te otorize itilizasyon yon nouvo drapo pou senbolize [reprézante] Etazini Damerik ki te fèk fòme. Nan lè sa a, drapo a te gen trèz rè, wouj ak blan an altènans, ak yon inyon ki gen trèz etwal blan sou yon chan ble. Byenke Kongrè a te chanje drapo a plizyè fwa ant 1777 ak 1959, yo konsidere 14 jen se “jou fèt” orijinal drapo Ameriken an. . . .

Sous: Editors of Sharpman.com, *The Care and Display of the American Flag*, Stewart Tabori and Chang, 2004 (adapte)

1 Ki sa premye drapo Ameriken an te reprézante? [0.5]

Score

Dokiman 2

Aprè 1818, plis e plis eta te rantre nan Inyon an. Men si yo te ajoute yon nouvo rè pou chak nouvo eta, drapo a ta vin twò gwo. Depite Peter H. Wendover ki te reprezante Vil New York te gen yon lide. Li te sijere kantite rè yo dwe toujou rete trèz anlonè trèz eta [koloni] orijinal yo, epi yo ta dwe ajoute yon etwal pou chak nouvo eta ki rantre nan Inyon an. . . .

Sous: Patricia Ryon Quiri, *The American Flag*, Children's Press

2a Ki sa **rè** ki sou drapo a reprezante? [0.5]

Score

b Ki sa **etwal** ki sou drapo a reprezante? [0.5]

Score

Dokiman 3

Chak pati nan Drapo [Ameriken] nou an genyen yon siyifikasyon noumenm antan sitwayen Ameriken ta dwe kapab li siyifikasyon sa a. Chan ble a ansanm ak senkant etwal blan yo reprezante Inyon senkant eta nou yo, sètadi pou Etazini Damerik. Trèz rè wouj ak blan yo reprezante trèz koloni orijinal yo, ki te vin fòme trèz premye eta yo Ozetazini. Koulè yo ki sou Drapo a senbolik tou. Depi dè santèn dane, wouj se yon koulè ki te reprezante kouraj. Koulè wouj ki sou Drapo nou an reprezante kouraj tou - kouraj zansèt nou yo ki te batay pou endepandans, kouraj patriyòt yo ki te mouri pou peyi yo, ak kouraj tout gason ak fanm brav ki te ede konstwi nasyon nou an. Blan reprezante libète - lespri Amerik la. Ble, vrè ble, se koulè syèl la epi li reprezante fidelite - fidelite tout Ameriken anvè peyi yo ak Konstitisyon yo. Kouraj, libète, fidelite - se mesaj sa a “Wouj, Blan ak Ble” a genyen pou nou. . . .

Sous: Brown and Guadagnolo, *America Is My Country*, Houghton Mifflin Company, 1961

3a Ki sa koulè **wouj** ki sou drapo nou an reprezante? [0.5]

Score

b Ki sa koulè **blan** ki sou drapo nou an reprezante? [0.5]

Score

c Ki sa koulè **ble** ki sou drapo nou an reprezante? [0.5]

Score

Dokiman 4

Yo te ekri epi pibliye premye sèman pou drapo a an 1892. Lè moun resite Sèman Fidelite la, yo pwomèt pou yo rete fidèl a Etazini Damerik.


“Mwen fè sèman fidelite a drapo Etazini Damerik la epi a Repiblik li reprezante a, yon nasyon sou lòd Bondye, endivizib, avèk libète ak jistis pou tout moun.”

Sous: <http://www.ushistory.org>

4 Ki sa moun pwomèt pou yo fè lè yo resite Sèman Fidelite a Drapo a? [0.5]

Score

Dokiman 5



Sous: Patricia Ryon Quiri, *The American Flag*, Children's Press, 1998 (adapte)

Pou ekspoze Drapo a

- Monte l rapidman epi desann li lantman avèk seremoni
- Piga kite l touche anyen ki anba li - tèt, atè kote w mache a oswa dlo
- Piga mete ankenn bagay oswa senbòl anwo drapo a
- Ekspoze l apati lè solèy la leve jiska lè li kouche
- Ekspoze l aswè sèlman si gen ase limyè ki pou klere l
- Piga ekspoze l lè gen move tan sof si li enpèmeyab

5 Dapre dokiman sa a, site **de** règ pou ekspoze drapo a. [0.5, 0.5]

(1) _____

Score

(2) _____

Score

Dokiman 6

“Banyè Etwale a” te vin im nasyonal nou an 1931. Se Francis Scott Key ki te ekri mo yo pandan Lagè 1812 la. Li te kontan pou l wè drapo a te toujou kontinye ap flote nan fen yon batay avèk Grann Bretay. Li te dekri drapo a kòm yon banyè etwale.

Banyè Etwale a
Pawòl Francis Scott Key

O di mwen, èske w kwè klète granmmaten an,
Sa nou aklame avèk sitèlman fyète nan dènye klète labrin lan?
Sa ki gen gwo bann ak etwal briyan, pandan batay danjere a,
Sou somè ranpa nou yo nou te gade l k ap flote avèk fyète!
Epi ekla wouj fize yo, ak bonm k ap eksploze nan lè a,
Te pwouve nou pandan tout nwit lan drapo nou an te toujou la:

O di mwen, èske banyè etwale a kontinye ap flote
Sou latè libète a ak patri brav yo? . . .

Sous: Library of Congress

6 Ki senbòl libète yo dekri nan im nasyonal nou an? [0.5]

Score


Dokiman 7

Lè yo monte drapo nou an se yon senbòl pou peyi nou an ak libète nou. Yo monte drapo a nan konba, nan evènman ki senbolize akonplisman nou, epi yo desann li lè gen gwo lapenn. Li fè nou sonje sakrifis ak bagay anpil moun reyalize pou peyi nou an.



Lamarin Amerikèn te monte drapo a nan Iwo Jima (yon konba selèb) pandan Dezyèm Gè Mondyal la, 1945.

Sous: Photo by Joe Rosenthal, Associated Press



Kòmandan Apollo 14 la, Alan Shepard te mete drapo Ameriken an sou lalin an fevriye 1971.

Sous: Photo by NASA



Yo desann drapo a demi ma pou onore yon moun ki te mouri, tankou yon prezidan Ameriken.

Sous: Patricia Ryon Quiri, *The American Flag*, Children's Press, 1998

7a Lè yo monte drapo nou an kisa sa senbolize? [0.5]

Score

b Kisa sa senbolize lè yo desann yon drapo a demi ma? [0.5]

Score

FOR TEACHER USE ONLY

Total Part III A Score _____

Maximum Score is 6

Pati B

Redaksyon

Eksplikasyon: Avèk mo pa ou, ekri yon redaksyon byen òganize pandan w ap sèvi ak dokiman yo, ak repons yo pou kesyon yo nan Pati A a, epi ak konesans ou nan syans sosyal.

Kontèks Istorik:

Atravè istwa Etazini, drapo Ameriken an te toujou yon senbòl enpòtan pou libète ak demokrasi pou sitwayen l yo.

Sa w gen pou fè:

Sèvi ak enfòmasyon ki nan dokiman yo epi ak konesans ou nan syans sosyal pou ekri yon redaksyon kote w ap

- Ekri konsènan istwa drapo Etazini an ak enpòtans li kòm yon senbòl Etazini

Nan redaksyon w lan sonje pou

- Ekri konsènan istwa drapo Etazini an ak enpòtans li kòm yon senbòl Etazini
- Mete ladan l yon entwodiksyon, yon devlopman ak yon konklizyon
- Sèvi ak enfòmasyon ki sòti nan *omwen kat* dokiman nan repons ou an
- Mete detay, egzanp, oubyen rezon lè w ap devlope lide ou yo

FOR TEACHER USE ONLY

Total Part III B Score _____

Maximum Score is 4

Non: _____ Lekòl: _____

PAJ POU EKRI PLAN

Ou kapab ekri plan pou redaksyon w lan nan paj sa a, men pa ekri dènye redaksyon w lan la a. Sa ou ekri nan paj sa a **pa** pral konte pou dènye nòt ou a. Ekri dènye repons ou nan tiliv repons redaksyon apa a.

Kòmanse ekri dènye vèsyon redaksyon ou a nan tiliv repons redaksyon an.

FOR TEACHER USE ONLY

Part I Score (Maximum Score is 35)	
Part II Score (Maximum Score is 15)	
Part III A Score (Maximum Score is 6)	
Total Part I, II, and III A Score	
Part III B Essay Score (Maximum Score is 4)	
Final Score (obtained from conversion chart) Scaled 0–100	